



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/14/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE PREKOSYON KÒM REKÓ TANPERATI ATIK
VAN FRÈT NAN NIVO BA AP KONTINYE BALEYE NEW YORK**

Eta etabli liy dirèk sou tanperati a nan 1-866-881-2809 pou bay enfòmasyon sou sekirite, avètisman sou sant lokasyon pou Nouyòkè yo

Gouvènè Cuomo jodia te avèti Nouyòkè yo ke tanperati atik ak move van frèt prevwa pou kontinye pandan tout wikenn lan. Sèvis Nasyonal Meteyolojik te pibliye Avètisman Van frèt pou konte yo nan eta kòm yon mas lè polè makonnen avèk rafal van te bay van frèt danjere nan tanperati ki anba zewo. Tanperati yo ka desann nan 30 degre anba zewo, e tanperati van frèt prevwa pou rive nan -25 degre jiska -60 degre, espesyalman nan Sid Adirondacks, Lower Hudson Valley, Vil New York, Konte Nassau ak Suffolk ap kontinye eksperimante tou van frèt osi ba ke 30 degre anba zewo. Tanperati ki nan New York pa t janm osi ba depi Fevriye 2015.

“Avèk tanperati glase ke yo prevwa kap kontinye jis pandan wikenn lan, Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan epi evite tout vwayaj ki pa nesèsè,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta ap kontinye kontwole sityasyon an depre e lap bay asistans nan kominote yo ki gen bezwen. Kòm tanperati sa poze yon gwo risk sante pou timoun ak granmoun, mwen mande pou Nouyòkè yo egzèse anpil prekosyon, rete andedan, e sitou – rete ansekirite.”

New York te mete sou pye yon liy telefòn pou tanperati frèt la nan 1-866-881-2809 pou bay Nouyòkè yo konsèy enpòtan sou sekirite pandan move tan frèt sa. Anpil konte te mete sou pye estasyon nan kominote yo. Pou w jwenn yon lis ajou sou estasyon avètisman ki ouvè yo, moun kap rele yo ta dwe chwazi opsyon 1 pou pale avèk yon reprezantan NYS.

Gouvènè Cuomo ap fè Nouyòkè yo sonje pou yo prepare epi kenbe ase [founiti ijans](#) nan kay ak nan veyikil yo. Si wap soti deyò, mete plis rad epi kouvri men ak tèt ou pou pwoteje kont atak fred. Lèt konsèy sou sekirite gen ladan:

Atak fred

Pou evite atak fred, rete andedan lè tanperati a frèt anpil. Si ou dwe soti, eseye kouvri tout pati nan kò w: zòrèy, nen, zòtèy peye ak dwèt, elatriye. Mitèn pi bon pase gan. Kenbe po w sèk. Pa rete nan van lè li posib. Bwè anpil likid kòm idratasyon ogmante volim san, sa kap anpeche atak fred. Evite kafeyin, alkòl ak sigarèt. Kafeyin redwi veso

sangen an, anpeche rechofman ekstremite ou yo. Alkòl redwi frison, sa ki ede pou kenbe ou cho. Itilizasyon sigarèt etenn sikilasyon san nan men ou.

Nivo nan Atak Fredi

- Premye degre: Kristal glas ap fòme sou pò w
- Dezyèm degre: Po a kòmanse cho, mennsi li poko dejkonjle.
- Twazyèm degre: Po a vini wouj, pal oswa blan.
- Katriyèm degre: Doulè a dire plis pase kèk èdtan e po a ka devlope yon ble fonsè oswa nwa. Kontakte doktè w imedyatman si sentòm sa yo rive.

Premye swen - Jiskaske ou ka rive andedan kay

- -Pa fwote oswa mase pati kò ki frèt la.
- -Mete men ou anba bra ou.
- -Bwè likid cho.
- -Mete yon kouch rad siplemantè, dra, elatriye.
- - Retire bag, mont, ak nenpòt bagay ki sere.

Premye Swen - Depi ou fin andedan

- - Pa mache sou yon pye ki gen atak fredri. Ou ka koze plis domaj.
- -Pran yon beny tyèd PA cho, epi vlope figi ak zòrèy ou nan yon sèvyèt imid, tyèd, ki PA cho.
- -Pa ale toupre yon fou ki cho oswa aparèy chofaj oswa pa itilize yon kousen chofan, boutèy dlo cho, oswa yon sechwa. Ou ka boule tèt ou anvan ou santi sansasyon an.
- - Po ki gen atak fredri pral vin wouj epi anfle e wap santi tankou lap pran dife. Ou ka devlope ti anpoul. Pa pete ti anpoul yo. Li ka lakoz sikatris.
- - Si po ou vin tou ble oswa gri, li anfle anpil, ti anpoul oswa ou santi li di ak paralize menm anba yon sifas, ale lopital touswit.

Ipotèmi devlope akòz ekspozisyon pwolonje nan tanperati ki frèt, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje. Siveye sentòm ki annaprè yo: enkapasite pou konsantre, move kowòdinasyon, twoup nan langaj, somnolans, fatig, ak/oswa tranbleman enkontwolab, apre yon mank frison toudenkou. Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

Tiyo Jele

Evite pou tiyo yo pa konjele lè ou ouvè alafwa robinè dlo cho ak frèt lejèman nan yon levye ki nan sousòl la – dlo kap koule pa pral konjele rapidman. Louvri pòt plaka yo pou kite plis chalè antre nan tiyo ki pa izole yo anba yon evye oswa yon aparèy menaje ki toupre yon miray deyò. Si ou planifye pou kite lakay ou, degoute epi fèmen sistèm dlo a (sof sistèm estenktè andedan yo).

Si tiyo ou pete, asire oumenm ak fanmi ou konnen kijan pou fèmen dlo a, sizoka tiyo yo pete. Kanpe ekoulman dlo a ap diminye domaj nan kay ou. Rele yon plonbye epi

kontakte ajan asirans ou. Pa janm eseye dekonjle yon tiyo avèk yon flanm oswa yon flanbo dife. Toujou siveye posiblite pou chòk elektrik nan ak toutotou dlo dòmi.

Sekirite Sanitè Manje

Lòt sous chofaj nan kay la se yon gwo koz pou dife rezidansyèl nan ivè. Asire ke tout kay la gen yon alam lafimen kap fonksyon ak alam kabòn monoksid epi tcheke l chak mwa.

- Toujou kenbe yon griyaj bò kote yon flanm ki ouvè.
- Pa janm itilize gazolin pou limen chemine w.
- Pa janm boule chabon andedan kay.
- Pa fèmen refwadisè a lè sant lan toujou cho.
- Lè w ap itilize lòt kalite sous chofaj tankou yon chemine, fou ki fonksyone avèk bwa, elatriye, toujou asire ou gen bon jan vantilasyon. Kenb rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon lwen sifas cho.
- Fè tcheke chemine w anvan sezon an pou depo kreyozòt-- e apresa netwaye l.
- Etabli yon wout evakyasyon ki byen planifye avèk tout fanmi an.

Chofaj Kewozèn

Si ou itilize radyatè kewozèn pou ogmante konbistib chofaj regilye ou, oswa kòm yon sous chofaj pou ijans, swiv ti konsèy sekirite sa yo:

- Swiv enstriksyon manifakti a.
- Itilize sèlman konbistib ki bon pou inite ou.
- Remete konbistib deyò SÈLMAN epi lè inite a frèt sèlman.
- Kite radyatè a sou yon distans omwen twa pye avèk mèb ak lòt objè ki ka pran dife yo.
- Lè w ap itilize radyatè a, itilize pwoteksyon kont dife epi vantile yo kòm sadwa.

Si ou Nan Blakawout

Kontakte konpayi sèvis piblik w pou ka konnen kilè yap rebay kouran an. Si pann kouran prevwa pou l plis pase kèk èdtan kontakte liy telefòn tanperati frèt Eta New York oswa manadjè ijans lokal ou a pou w jwenn yon lisabri avètisman ki ouvè.

Nimewo telefòn kontak sèvis piblik 24/7:

Central Hudson Gas & Electric Corporation
Telefòn (24/7): (845) 452-2700

KeySpan Energy, Inc. (National Grid)
Telefòn (24/7): (516) 824-8550

Long Island, National Grid Gas Emergency Dispatch
Telefòn (24/7): (516) 545-4047

NYC, National Grid Gas Emergency Dispatch
Telefòn (24/7): (718) 403-2920

Upstate New York, National Grid Gas Emergency Dispatch
Telefòn (24/7): (315) 460-2001

Consolidated Edison
Telefòn (24/7): (212) 460-4111

New York State Electric & Gas Corporation (NYSEG)
(24/7): (607) 762-4738

Algonquin Gas Transmission Company
Telefòn (24/7): (713) 627-4690

Iroquois Gas
Telefòn (24/7): (800) 888-3982

North Country Gas Pipeline
Telefòn (24/7): (800) 571-4833

Rochester Gas and Electric
Telefòn (24/7): (800) 743-1702

Tennessee Gas Pipeline Company
Telefòn (24/7): (800) 231-2800
Orange & Rockland
(24/7): (877) 434-4100

Public Service Enterprise Group (PSEG)
(24/7): (516) 545-5310

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418